

Kalandriye Planifikasyon Apre Etid Segondè pou Paran ak Fanmi Yo

10èm Ane



Premye Trimès

Etap Aksyon Yo

- Revize orè pitit ou a pou asire li ranpli kondisyon pou li rantre nan kolèj ak kondisyon gradyasyon yo.
- Revize rapò 'GradTrack' pitit ou a pou wè dènye nòt li yo ak 'GPA' (Mwayèn Jeneral) li nan premye ane a.
- Asire w ou gen aksè ak kont paran Scoir la. Si ou poko gen yon kont ki kreye, mande pitit ou a pou li voye lyen an pou ou konsa, ou ka kòmanse itilize Scoir kòm yon paran.
- Ede pitit ou a prepare li pou li pran egzamen PSAT a ann oktòb. Gade nan bonjan resous ki disponib sou Khan Academy an epi ankouraje pitit ou a pou li kreye yon kont.
- Ale nan 'open house' (Reyinyon Vizit Lekòl) nan lekòl pitit ou a pou ou fè konesans ak pwofesè dezyèm ane segondè pitit ou a, pou ka pi byen konprann sa y ap atann pou nouvo ane lekòl la.
- Mande enfòmasyon sou fwa kolèj lekòl ou a oswa lòt fwa kolèj lokal yo epi fè plan pou al asiste yo ak pitit ou a.
- Patisipe nan seri Atelye M-DCPS sou Mwa Kolèj sou entènèt nan mwa oktòb.
- Chèche enfòmasyon sou pwosedi pou jwenn aksè akomodasyon pou tès SAT/ACT pou elèv ki gen Plan IEP ak 504 yo.
- Konekte ak ekip ESE lekòl la pou sipòte pitit ou a nan eksplorasyon opòtinite apre etid lekòl segondè yo e ki ann amoni avèk objektif li yo.

Resources

- [Khan Academy: Gid Rapid pou Paran](#)
- [Konsèy pou Paran yo Kòmanse Rapid: Pou Timoun 13 an oswa plis – Khan Academy](#)
- [Enfòmasyon pou Paran yo - PSAT/NMSQT](#)
- [Etidye ak Pratike pou PSAT/NMSQT](#)
- [Scoir: Kreye yon Kont pou Paran](#)
- [Videyo Fòmasyon GradTrack](#)
- [Pwogram ak Sèvis Tranzisyon](#)
- [Komisyon Konsèy Kolèj la: Solisite Akomodasyon](#)
- [ACT Akomodasyon pou Tès ak Sipò pou Elèv k ap Aprann Anglè](#)





Dezyèm Trimès

Etap Aksyon Yo

- Revize kanè premye trimès pitit ou a pou asire w li byen kòmanse dezyèm ane a.
- Chèche direksyon nan men pwofesè/konseye yo pou diskite sou pwogrè akademik li ak opsyon pou li pran leson patikilye si sa nesèsè.
- Kontinye chèche opsyon ki disponib pou pitit ou a apre lekòl segondè, ki gen ladan kolèj teknik yo, karyè pwofesyonèl ak Sistèm Inivèsite nan Eta a.
- Kontinye sipòte pitit ou a nan angajman li pran nan aktivite andeyò kourikoulòm li ak patisipasyon li nan aktivite kominotè yo.
- Eksplòre resous Scoir yo, tankou vizit vityèl kolèj yo. Ou kapab aprann plis sou kondisyon admisyon chak enstitisyon sa yo, pri admisyon nan lekòl ak pwogram espesyalize yo.
- Asire pitit ou a mete ajou pwofil 'RaiseMe' li an epi, chèche enfòmasyon sou opòtinite bousetid potansyèl yo.
- Revize pwosesis lòt metòd pou resevwa yon diplòm M-DCPS yo pou kontwòle pwogrè pitit ou a nan dekouche divès kalite diplòm.
- Fè plan pou ale nan "Miami National College Fair" (Fwa Kolèj Nasyonal Miami a).

Resous

- [Kondisyon pou FL SUS yo](#)
- [Kolèj Teknik M-DCPS yo](#)
- [Pwogram Chemen Karyè yo](#)
- [Pwogram Lòt Metòd pou Resevwa Yon Diplòm yo](#)



Kalandriye Planifikasyon Apre Etid Segondè pou Paran ak Fanmi Yo

10èm Ane



Twazyèm Trimès

Etap Aksyon Yo

- Revize kanè premye trimès pitit ou a epi pran nòt premye 'GPA' (Mwayèn Jeneral) la.
- Gade Rapò 'GradTrack' pitit ou a, w ap jwenn li nan kont Pòtal Paran M-DCPS ou a, epi sèvi ak rapò sa a pou konseye pitit ou a nan desizyon li lè l ap chwazi kou pou twazyèm ane a epitou satisfè kondisyon gradyasyon yo.
- Kòmanse konvèsasyon konsènan kou potansyèl pou ane k ap vini an epi rekonèt ke twazyèm ane a se yon opòtinite pou demontre ak ranfòse etid solid ki gen ladan doub anwolman ak kou 'AP' (Plasman Avanse).
- Ankouraje pitit ou a konsilte pwofesè ak konseye li yo pou konnen kilè seleksyon kou yo ap kòmanse.
- Ede pitit ou a prepare li pou nenpòt egzamen AP/IB/AICE, fè li ale nan lesan patikilye nan lekòl li a, nan atelye travay yo ak AP Central la pou li gen aksè ak videyo AP yo ak lòt resous ankò.
- Ankouraje pitit ou a pou li ranpli pwofil Scoir YouScience Career la, ki pral ede li idantifye konpetans ak chemen karyè ki posib.
- Ankouraje angajman pitit ou a nan lekòl li ak/oswa pwojè kominotè yo.
- Ede pitit ou a nan rechèch opòtinite pou kwasans akademik atravè pwogram anrichisman, patisipasyon nan aktivite kominotè yo, oswa fè estaj nan sezon ete a.
- Ale nan "Miami National College Fair" (Fwa Kolèj Nasyonal Miami) ansanm ak pitit ou a pou pran kontak ak yon varyete enstitisyon nasyonal ak entènasyonal.

Resources

- [CollegeBoard AP Central](#)
- [Kijan pou Mete Klas Segondè Ou yo Sou Yon Lòt Nivo](#)
- [Fwa Kolèj Nasyonal Miami](#)
- [YouScience pou Paran](#)



Katriyèm Trimès

Etap Aksyon Yo

- Chèche direksyon nan men konseye pitit ou a oswa Konseye CAP la pou gen plis enfòmasyon sou pwogram ete yo epi prepare pou atant klas 10èm ane a.
- Ankouraje pitit ou a enskri nan pwogram ete tankou kan akademik, sèvis pwojè kominotè ak/oswa estaj ki refleto enterè li yo.
- Ede pitit ou a mete ansanm yon lis aktivite ak reyalizasyon yo.
- Ede pitit ou a kreye yon CV, fè li sèvi avèk modèl ki disponib nan Scoir la anba seksyon pwofil "Activities and Achievements" (Aktivite ak Reyalizasyon yo).
- Sipòte pitit ou a nan fè rechèch sou bousetid yo ak mete ajou kont 'RaiseMe' an ki bay posiblite pou li jwenn ti bousetid baze sou reyalizasyon ak akonplisman akademik yo pandan premye ane a.

Resous

- [Pwogram Ete: Kisa, Poukisa ak Kijan](#)
- [Pou Elèv yo: Kreye ak Ekspòte Yon CV - Scoir](#)



Activities →

Achievements

